**Ajiniyaz atindag'i No'kis ma'mleketlik pedagogikaliq institutinin' Ta'biyattaniw ha'm geografiya fakultetinin' ximiya oqitiw metodikasi talabalarinin'**

**"ekologiya"**

**pa'ni boyinsha islegen**

**o'zbetinshe jumisi**

**Tema:** O'zbekistanda o'simlikler ha'm haywanatlar du'nyasin qorg'aw


**Qabillag'an: O'tenova Farida**

**Orinlag'an: Orazova Shaxnoza**

**Djangabaeva Nasiba**

**Mambetmuratova Ayzada**

**Qurbanbaeva Go'zzal**

**Abdijamilova Gulmira**



**No'kis-2013 j**

# Jobasi

- Ta'biyatti qorg'aw
- O'simliklerdi qorg'aw
- Qaraqalpaqstanda Qizil kitapqa kirgizilgen o'simliklerdin' tu'rleri
- Haywanat dunyasi ha'm oni qorg'aw
- Joq bolip baratirg'an ha'm sirek ushrasatug'in haywanlardi qorg'aw

Ta'biyatti qorg'aw ilimiy mashqala ha'm a'meliy ma'sele sipatinda XIX a'sirdin' aqiri ha'm XX a'sirdin' baslarinda payda bolg'an.

Ta'biyatti qorg'aw degende adamzattin' ha'zirgi da'wirde jasap atirg'an wa'killeri ha'm keleshek awladlardin' materialliq ha'm ma'deniy za'rurliklerin qandiriw, adamzat ja'miyetinin' payda boliwi ushin optimal sharayat jaratiw maqsetinde ta'biyat bayliqlarinan unemli paydalaniw olardi tiklew ha'm saqlaw qorshag'an ortaliqti buziliw ha'm pataslaniwdan qorg'aw tu'siniledi.



O'simlikler du'nyasi- tirishilik tiykari. Olar tawsilatug'in ta'biyiy resurslarg'a jatadi ha'm olardi qayta tiklewge boladi.Ha'zirgi dunya juzinde 500 min'nan aslam o'simliklerdin' tu'ri bar.

Olar jilina 380 mlrd tonna organikaliq zatlardi payda etedi, bunin' 325 mlrd tonnasi tog'aylarg'a6 mlrd tonnasi jaylawlarg'a tuwri keledi.Ta'biyattag'I zatlardin' aynalasinda o'simliklerdin' denesinde juretug'in fotosintez protsessi arqali a'melge asiriladi.



Fotosintez-bul ju'da' quramali biologiyaliq protsess. O'simliklerdin' denesindegi jasil pigment –xlorafil da'neshesi arqali ku'n energiyasi o'zine qabillaydi ha'm onin' ja'rdeminde sirttan qabillag'an ko'mir qishqil gazin ha'm suwdi biriktirip energiyag'a bay organikaliq birikpelerdi sintezleydi.

Bunnan tisqari o'simlikler yag'niy jasil o'simlikler sebepli fotosintez protsessi bolmasa hawadag'i uglerod (SO2) nin' mug'dari ko'beyip adamlar ha'm

haywanlar nabit bolg'an bolar edi.



Biosferadag'I o'simlikler dunyasin jasaw jag'dayina tarqaliwina qarap, u'lken 3 toparg'a bo'liw mu'mkin. Olardin' birinshi toparina suw o'simlikleri kiredi ha'm olar adamlar ta'repinen ju'da' az paydalaniladi. Biraq olar suwda jasawshi organizmlerdin' tirishilik etiwi ushin u'lken a'himiyetke iye. Son'g'I jillari suw basseyinleri, ko'ller, ten'izler, okeanlar neft sanaat taslandilari menen ha'dden tisqari pataslanip atir.Bul suw o'simliklerinin' tirishiligin awirlastirmaqta. Usig'an baylanisli suw o'simliklerin qorg'awdin' qorg'awdin' zaru'rligi payda boladi.



O'simliklerdin' ekinshi toparina topiraq aralarinda yamasa astindag'I jasawshi o'simlikler yag'niy bakteriyalar jasil suw otlari zamarriqtin' ayirim tu'rleri jatadi. Olar topiraq payda etiw protsessinde ha'm onin' o'nimdarlig'inin' qa'liplesiwinde u'lken a'himiyetke iye. Biraq son'g'I waqitlari sanaat taslandilari menen pataslaniwi topiraqta jaswshi o'simliklerdin' tirishiligine a'dewir ziyan tiygizbekte. Sonliqtan topiraqti ha'm onin' mikroorganizmlerin qorg'aw bouinsha bir qatar ilajlardi a'melge asiriw talap etiledi.



O'simliklerdin' u'shinshi toparina tiykarinan **jerdin' u'stinde o'setug'in o'simlikler** jatadi. Olar adamlardin' xojaliq iskerligi ta'sirinen ziyanlanadi. Usig'an baylanisli jer u'sti o'simliklerinin' ta'biyiy resurslarinan uzaq jillar paydalaniwg'a erisiw ushin olardi ha'r qiyli ziyanlaniwdan qorg'aw en' a'himiyetli waziypalardan esaplanadi.

O'zbekistan Respublikasi tog'aylari o'zinin' qa'siyetleri menen taw, sho'l, tog'ayzar, ha'm dalanliq tog'aylarina ajiratilg'an. Ha'zirgi waqitta taw tog'aylari 311 min' ga maydandi iyeleydi, tiykarg'I o'simligi yolka esaplanip, qalg'anlari ha'r tu'rli terek ha'm putalardan ibarat.



O'zbekistan Respublikasinda qorshag'an ortaliqti haywanat ha'm o'simlikler dunyasin qorg'awg'a ayriqsha itibar qaratilg'an. 1992-jil 9-dekabrde "ta'biyatti qorg'aw" haqqinda, 1993-jil 7-mayda "Ayriqsha qorg'alatug'in ta'biyiy territoriyalar" haqqinda ha'm 1997-jil 26-dekabrde "O'simlikler dunyasin qorg'aw ha'm olardan u'nemli paydalaniw" haqqinda nizamlar qabil etildi. Bul nizamlar barliq o'simlikler tu'rlerin saqlap qaliw oni asrap abaylaw ha'm qorg'aw da a'himiyetli hu'jjetler bolip esaplanadi.O'zbekistan Respublikasi territoriyasinda 4,5 min'g'a jaqin o'simlikler tu'rleri bar. Olar arasinda ayriqsha qorg'awg'a mu'taj ko'pshilik siyrek endemik ha'm relikt o'simlik tu'rleri de bar.Sonday tu'rlerdin' sani 301 tu'rden ibarat bolip O'zbekistan Respublikasinin' "Qizil kitabina" kirgizilgen.





Tulipa buhseana
Тюльпан Бузе
Buze tyulpani'



Malococarpus crithmifolius
Мягкоплодник критмолистный
Qon'i'r Qumju'zim



Salsola chivensis
Солянка хивинская
Xiywa sorasi'



Acanthophyllum cyrtostegium
Колючелистник горбатоприцветниковый
Aqtiken



Haywanat du'nyasi-ta'biyiy qorshap turg'an ortaliqtin' birden-bir kompanenti ha'm ta'biyat g'aziynesinin' bir bo'legi. Olar ta'biyattag'I tirishiliktin' rawajlaniwina o'zlerinin' salmaqli u'lesin qosadi.Haywanat du'nyasi adamzattin' jasawi tirishilik iskerliginde ju'da' a'himiyetli. U'y haywanlarinan qaramal, qoy, eshki, shoshqa, at, eshek, tu'ye, iyt, pishiq siyaqli haywanlar bizin' o'mirimizde belgili bir maqset ushin bag'iladi.Adamlardin' haywanlarg'a yaki tu'rli yag'niy tikkeley ha'm janapay ta'sir jasaydi.Tikkeley ta'sir jasaw degenimiz belgili bir haywan tu'rlerin joq etiw yamasa olardi basqa aymaqlarg'a ko'shiriw bolip tabiladi. Haywanlardin' jasaw jag'daylarin o'zgertiw arqali olarg'a ta'sir etiw janapay ta'sir dep ataladi.







1983 jılı ja'riyalang'an «O'zbekstan Qızıl kitabı»na omırtqalı
h'aywanlardın' 63 tu'ri kiritilgen bolıp: balıqlar-5 tu'r: quslar-31 tu'r:
su't emiziwshiler-22 tu'r: jer bawırlawshılar-22 tu'rden ibarat.
O'zbekstanda turan jolbarsı, qızıl qasqır, gepard, jol-jol giena
sıyaqlı tu'rler qırılıp ketken. U'styurt qoyı, burma shaqlı eshki, qar
barsı, buxara suwını h'a'm basqa ayırım tu'rler jog'alıw aldında tur.



Joq bolip baratirg'an ha'm siyrek ushrasatug'in haywanlardin' ko'beyiwine ha'm qayta tikleniwine ha'zirgi waqitta ma'mleket ta'repinen g'amxorliq etip atir.Siyrek ushrasatug'in haywanlardin' tu'rleri jasaytug'in aymaqlar qoriqlarg'a aylandirildi. Qaraqalpaqstanda haywanat du'nyasin qorg'aw boyinsha bir qansha isler a'melge asirilmaqta , misali "Baday tog'ay" qoriqxanasi,"Saygachiy" ha'm "Sudoche" buyirtpaxanalarin aytip o'tiwimizge boladi.




1. Kuladin.
2. Shay qus.
3. Sarısar.
4. Kishi qumay.
5. Qumay.
6. Tazg'ara.

Aral ten'izinin' quriwı, daryalar suwının' pataslanıwı h'a'm suw saqlag'ıshlarının' qurılısı ko'plep qımbatlı balıq tu'rlerinin' azayıwına alıp keledi. O'zbekstnda h'a'r jılı on mın'lap, tu'rli h'aywanlar an'lanadı. Ruxsatsız an' ayırım bir bah'alı tu'rlerdin' jog'alıp ketiwine sebep bolmaqta. O'zbekstanda bah'alı o'simlik h'a'm h'aywanlar nızam ta'repinen qorg'aladı h'a'm olardan aqılg'a muwapıq paydalanıw, qorg'aw ushın h'a'r qıylı ilajlar ko'rilmekte.

*Qorıqxana* degende - insannın' xojalıq iskerligi pu'tkilley qadag'an etilgen, ta'biyiy kompleks a'sil h'alında saqlanatug'ın zonalar tu'siniledi.








Qorıqxana qurg'aqlıq h'a'm suw jag'alawının' xarakterili ta'biyiy landshaftları bolg'an belgili bir bir maydan bolıp, ta'biyattı qorg'awdın' en' na'tiyjeli formalarınan biri esaplanadı. Qorıqxanalardın' tiykarg'ı wazıypası-ta'biyattın' dıqqatına ılayıq, qımbatlı landshaftların ja'miyet ma'pleri ushın saqlawdan ibarat. Qorıqxana regionlarınan xojalıqta paydalanıw, h'a'tteki pishen orıw, an' qılıw, balıq tutıw, zamarrıqlardı teriw ulıwma qadag'an etiledi. Onın' regionlarındag'ı kompleksler ta'biyiy h'alında saqlanadı. Bul jerde ta'biyat bir pu'tkil h'alında u'yreniledi.



Qorıqxana regionları h'a'r qıylı h'aywan h'a'm o'simlik tu'rlerin awlanatug'ın h'aywanlardın' mug'darı h'a'm genetikalıq fondın saqlaw ushın xızmet qıladı. Ma'mleketimizdegi h'a'mme qorıqxanalar ilimiy sho'lkemler esaplanadı. Bul jerlerde ba'rh'a' ilimiy-izertlew jumısları alıp barıladı. O'zbekstanda birinshi qorıqxana 1926 jılda Zomin rayonının' Jizzax Tog'ay xojalıg'ına qaraslı «Guralash»taw arsha qorıqxanası atı menen sho'lkemlestirilgen. Ol keyin ala Zomin taw tog'ay qorıqxanası atı menen qayta tiklengen. Ha'zirde bizde 9 qorıqxana bar bolıp, olarg'a to'mendegiler kiredi.


www.zooclub.ru

# MA'MLEKET QORIQXANALARI

| № | Qorıqxana atı | Qa'niygelesiwi | Maydanı ga |
|---|---|---|---|
| 1 | Baday- tog'ay | Tog'ay qorıqxanası (Qaraqalpaqstanda | 6481 |
| 2 | Qızıl qum | Tog'ay qorıqxanası (Buxara walayatında | 3995 |
| 3 | Nurata | Taw - tog'ay qorıqxanası (Nurata taw dizbesi | 22537 |
| 4 | Zarafshan | Tog'ay qorıqxanası (Samarqand | 2066 |
| 5 | Aral payg'ambar | Tog'ay qorıqxanası (Surxondarya) | 3094 |
| 6 | Zamin | Tu'rkiston taw dizbesi (Taw - tog'ay qorıqxanası) | 15600 |
| 7 | Ugom Chatkal milliy bag'ı | Taw - tog'ay qorıqxanası | 35256 |
| 8 | Hisor | Taw - tog'ay qorıqxanası | 76889 |
| 9 | Koxitangtaw | Taw qorıqxanası (Surxondarya) | 43500 |

**Baday tog'ay qoriqxanasi**

1971-jili Qaraqalpaqstan Respublikasi Beruniy rayoni territoriyasinda du'zilgen. Maydani 6462 ga. Buxara suwinin qorg'aw ha'm sanin ko'beytiw maqsetinde u'lkemizde Baday tog'ay qoriqxanasi sho'lkemlestirilgen bolip, du'nya ju'zinde en' ko'p bas Buxara suwini bizin' Baday tog'ay qoriqxanasinda saqlanadi. 2007-jilg'I esaplawlarda Baday-tog'ay qoriqxanasinda suwinlar sani 300 basqa jetkerilgen. Ha'zirgi ku'nde bas saninin' asiwi na'tiyjesinde qoriqxana territoriyasinan da shig'ip ketiw jag'daylari ushraspaqta

**“Saygachiy” buyirtpaxanasi**

Qaraqalpaqstan Respublikasi Ministrler Ken’esi 29.11.1991 jili №3 11/42 qarari menen aq bo’kenlerdin’ populyatsiyasin qorg’aw maqsetinde U’stirt ken’isliginde du’zilgen. Maydani 1mln ga. Bul territoriyada aq bo’kenlerden basqa O’zbekistan Respublikasi qizil kitabina kirgizilgen djeyran, qaraqulaq, uzin iyneli kirpitiken, quslardan tazqara, zmeeyad, bo’ktergi, sho’l bu’rkiti, qiranqarabu’rkit, tuwalaq ha’m bezgeldek jasaydi.



# Adebiyatlar:


- Ekologiya ha'm ta'biyatti qorg'aw Z.Bekbergenova F. O'tenova No'kis 2011
- Ekologiya tiykarlari A. Bahiyov No'kis 2011
- Ekologiya asoslariR. Sultanov Tashkent 2011
- Ekologiya va atrof muhid muxofazosi Tashkent 2011
- Ekologiya Xalilaev.I Tashkent talqin 2004
- Ekologiya va tabiyatni muhofaza qilish asoslari Yoldashev Tashkent Mexnat 2003